**दिन–गुरूवार** **दिनांक–16.10.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

विधानसभा चुनावक पहिल आ दोसर चरण लेल नामांकनक प्रक्रिया मे तेजी आयल अछि। पहिल चरण लेल नामांकनक अंतिम तिथि काल्हि धरि निर्धारित अछि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ उप–मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ तारापुर विधानसभा क्षेत्र सँ अपन नामांकन पर्चा दाखिल कयलनि। एहि अवसर पर पार्टीक कतेको वरिष्ठ नेता उपस्थित छलाह। एम्हर, दरभंगाक बहादुरपुर विधानसभा क्षेत्र सँ जदयू उम्मीदवार आ राज्य सरकारक मंत्री मदन सहनी अपन नामांकन पर्चा दाखिल कयलनि। एहि अवसर पर हुनका संग जदयूक अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार समेत जदयूक आनो वरिष्ठ नेता लोकनि उपस्थित छलाह। मुख्यमंत्री एक जनसभा के सेहो संबोधित कयलनि। सरायरंजन विधानसभा क्षेत्र सँ प्रदेशक मंत्री विजय कुमार चौधरी जदयू सँ अपन नामांकन पर्चा भरलनि। एहि अवसर पर सेहो मुख्यमंत्री उपस्थित छलाह। आइए सरायरंजन सँ जन सुराज समर्थित उम्मीदवार सजन कुमार मिश्र सेहो नामांकन पर्चा दाखिल कयलनि। हुनका संग क्षेत्रक कतेको समाजसेवी छलाह। सहरसा विधानसभा क्षेत्र सँ भाजपाक उम्मीदवार आलोक रंजन झा नामांकन दाखिल कयलनि। एहि अवसर पर पार्टीक वरिष्ठ नेता उत्तर प्रदेशक मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एक जनसभा के संबोधित कयलनि।

---

एम्हर, दानापुर विधानसभा क्षेत्र सँ भाजपाक रामकृपाल यादव नामांकन पर्चा भरलनि। हुनका संग सेहो योगी आदित्यनाथ उपस्थित छलाह। एहि अवसर पर ओ कहलनि जे डबल इंजनक सरकार बिहारक विकास कयलक अछि। कल्याणपुर सीट सँ प्रदेशक मंत्री आ जदयू प्रत्याशी महेश्वर हजारी नामांकन दाखिल कयलनि। हुनका संग भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय कानून मंत्री अर्जुनराम मेघवाल सेहो उपस्थित छलाह। बाँकीपुर विधानसभा क्षेत्र सँ भाजपा प्रत्याशी नितिन नवीन नामांकन पर्चा दाखिल कयलनि। हुनका संग छत्तीसगढ़क मुख्यमंत्री विष्णुदेव साय उपस्थित छलाह। जनशक्ति जनता दलक तेज प्रताप यादव आइ महुआ विधानसभा क्षेत्र सँ अपन नामांकन पर्चा भरलनि। राजद सँ नामांकन पत्र भरयवला

प्रमुख उम्मीदवार मे  समस्तीपुर सँ अब्दुल इस्लाम शाहीन, रूपौली सँ बीमा भारती, धमदाहा सँ संतोष कुशवाहा प्रमुख छथि।

———————————————————————

एनडीएक सभ घटक दल भाजपा, जदयू, हिन्दुस्तानी अवाम मोर्चा आ राष्ट्रीय लोक मोर्चा अपन कोटाक सभ सीट लेल उम्मीदवारक नामक घोषणा कऽ देलक अछि। गठबंधनक घटक दल लोक जनशक्ति पार्टी रामविलास चौदह उम्मीदवारक नाम घोषित कयलक अछि। पार्टीक खाता मे उनतीस सीट आयल अछि। एनडीए मे एखन धरि दू सय अट्ठाईस प्रत्याशीक सूची जारी भऽ गेल अछि। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे जदयू आइ चौवालीस उम्मीदवारक सूची जारी कयलक। एहि मे पार्टी कतेको उम्मीदवार के पुनः टिकट देलक अछि। पार्टी चारि मंत्री सुमित कुमार सिंह, शीला मंडल, लेसी सिंह आ जयंत राज पर पुनः भरोसा कयलक अछि।

———————————————————————

एहि मध्य उपेन्द्र कुशवाहाक नेतृत्ववला राष्ट्रीय लोक मोर्चा सभ छओ सीट पर प्रत्याशीक घोषणा कऽ देलक अछि। पार्टी सासाराम सँ श्रीमती स्नेह लता के अपन उम्मीदवार बनौलक अछि। स्नेह लता राष्ट्रीय लोक मोर्चाक प्रमुख उपेन्द्र कुशवाहाक पत्नी छथि। पार्टी दिनारा सँ आलोक कुमार सिंह, उजियारपुर सँ प्रशांत पंकज आ मधुबनी सँ माधव आनंद जखनकि पारू सँ मदन चौधरी आ बाजपट्टी सँ पूर्व विधान पार्षद रामेश्वर कुमार महतो के टिकट देलक अछि। एम्हर भाजपा काल्हि बेस राति अठारह उम्मीदवारक तेसर सूची जारी कऽ देलक। गन्ना उद्योग मंत्री कृष्णनंदन पासवान के हरसिद्धी आ लोक गायक विनय बिहारी के लौरिया सँ पुनः अवसर देलक अछि।

———————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह आइ तीन दिवसीय दौरा पर पटना पहुँचलाह। पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल जनौलनि जे श्री शाह चुनाव तैयारीक समीक्षा करताह आ कतेको कार्यक्रम मे सम्मिलित सेहो हेताह।

———————————————————————

महागठबंधनक घटक दल सभक मध्य एखनहुं सीट के लऽकऽ खींचतानक स्थिति बनल अछि। गतिरोध समाप्त करबाक लेल आइ कांग्रेसक एक महत्वपूर्ण बैसार दिल्ली मे

मल्लिकार्जुन खड़गेक अध्यक्षता मे संपन्न भेल। बैसार मे पार्टीक वरिष्ठ नेता राहुल गांधी उपस्थित भेलाह।

———————————————————————

राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आइ मधुबनी जिलाक घोघरडीहा प्रखंडक हटनी गाम मे एक निजी कार्यक्रम मे सम्मिलित भेलाह। राज्यपाल के प्रशासन दिस सँ गार्ड ऑफ ऑनर देल गेल आ मिथिला परम्पराक अनुसार स्वागत–सत्कार भेल।

———————————————————————

समाप्त